

BAB 1 BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kaparigelan basa téh raket pisan pakaitna jeung kamampuh mikir. Basa hiji jalma ngagambarkeun pikiranna.

Numutkeun Tarigan (1993:3), kaparigelan makéna basa ngawengku opat komponén nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis. Éta komponén kaparigelan basa téh mangrupa hiji beungkeutan nu teu bisa dipisahkeun antara kaparigelan nu hiji jeung kaparigelan nu séjénna. Kaparigelan basa mangrupa catur tunggal.

Salaku salah sahiji komponén dina kaparigelan makéna basa, nulis mibanda kalungguhan nu penting nya éta mangrupa alat pikeun nyatet atawa ngarékam, ngayakinkeun, ngalaporkeun, atawa méré nyaho jeung mangaruhan jalma lian (Tarigan, 1993:4).

Salian mangrupa alat pikeun nyatet atawa ngarékam, dina nulis mikabutuh kaahlian. Sangkan nu maca bisa kayakinkeun sarta kabéré informasi ku hasil tulisan, nu nulis karangan dipiharep supaya parigel dina nulis. Kaparigelan nulis henteu bisa kapimilik sacara otomatis, tapi butuh prosés sarta latihan. Sakumaha anu diébréhkeun ku Tarigan.

Nurutkeun Tarigan (1993:4), kaparigelan nulis mangrupa hiji kaparigelan basa anu teu bisa kapimilik kalawan otomatis, tapi butuh waktu, prosés, pangalaman,

jeung butuh latihan nu inténsif. Ku kituna dipiharep pangajaran nulis bisa ngahudang karep siswa kana diajar nulis nepi ka parigel dina ngaéksprésikeun ide, gagasan, jeung pesen nu nyampak dina dirina sacara bebas ngaliwatan latihan nu inténsif. Dina pangajaran nulis tangtu baé mikabutuh bahan ajarkeunana.

Salaku salah sahiji bahan pangajaran nulis nu perlu diajarkeun nya éta nulis karangan éksposisi. Ieu bahan pangajaran téh ditepikeun di kelas V11 SMP. Nulis karangan éksposisi gedé gunana pikeun ngalatih siswa ngébréhkeun ide, gagasan, kahayang, jeung pesen dina wangun tinulis mangrupa karangan éksposisi.

Lian ti éta pangajaran nulis karangan boga tujuan sangkan siswa parigel dina nepikeun jeung ngaéksprésikeun paningal, pikiran, jeung imajinasi luyu jeung tujuan nu hayang ditepikeun, ku cara aktif jeung kréatif.

Tujuan pangajaran nulis karangan éksposisi bisa kahontal tur nyugemakeun, kaparigelan jeung kamotékarana guru kacida dipiharep, sabab kahontal henteuna tujuan pangajaran loba ditangtukeun ku peran guru dina ngokolakeun diajar ngajar.

Ku kituna, guru boga peran nu penting. Kumaha ngajadikeun kondisi diajar ngajar nu hirup, ngamotivasi siswa anu biasana pasif jadi aktif keur lumangsungna diajar ngajar. Guru kudu bisa méré bahan pangajaran nulis anu boga pangirut sangkan siswa teu boseneun. Guru kudu kréatif néangan jeung bisa nerapkeun téhnik-téhnik pangajaran anu bisa ngamotivasi siswa ngarah leuwih sumanget diajar.

Nilik kana téhnik anu digunakeun, guru kudu boga variasi. Anapon téhnik anu biasa digunakeun di antarana nya éta: ceramah, diskusi kelompok, panél, *role play*,

brainstorming, demonstrasi, dramatisasi, latihan, ngaregepkeun, simulasi, jeung résitasi.

Dina ieu panalungtikan nu nyusun baris ngujicobakeun téhnik urun rempug (*Brainstorming*) dina nulis karangan éksposisi. Ku cara samodél kitu dipiharep bisa méré karagaman pangalaman pikeun siswa dina nulis karangan. Ngagunakeun téhnik urun rempug kaasup kana salah sahiji prinsip kagiatan diajar ngajar nya éta mekarkeun kamampuh sosial, nya éta siswa bakal leuwih gampang maham saupama bisa ngébréhkeun gagasana ka siswa séjénna atawa guru, ku cara ngahargaan pamadegan, sikep, kamampuh anu béda, sarta ngalatih pikeun gawé bareng.

Dumasar kana katerangan anu geus dipedar di luhur, perlu pisan diayakeun panalungtikan ngeunaan téhnik pangajaran nulis karangan kalayan harepan bisa ngaronjatkeun ajén pangajaran basa Sunda. Ku kituna, judul ieu panalungtikan téh nya éta “Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi Ngagunakeun Téhnik Urun Rempug (*Brainstorming*) ka Siswa Kelas V11 SMPN 1 Karangnunggal Taun Ajaran 2007/2008”.

1.2 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah panalungtikan baris medar téhnik urun rempug dina pangajaran nulis karangan éksposisi di SMPN I Karangnunggal kelas VII. Aspék-aspék anu dititénan dina karangan siswa téh nya éta kualitas karanganana. Sedengkeun unsur anu aya patalina jeung kualitas karangan nya éta kamampuh ngagunakeun téhnik karangan.

Masalah anu ditalungtik diwatesanan ngawengku: 1) Kualitas jeung lingkup eusi, 2) Oragnisasi jeung tampilan eusi, 3) Gaya basa, 4) Wangun gramatikal, 5) Éjahan, jeung 6) Karapihan tulisan.

1.3 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun pananya saperti ieu di handap:

- 1) Kumaha kamampuh siswa SMPN I Karangnunggal kelas VII nulis karangan éksposisi siswa saméméh ngagunakeun téhnik urun rempug (*Brainstorming*)?
- 2) Sabaraha bédana tingkat kamampuh nulis karangan éksposisi siswa SMPN I Karangnunggal kelas VII saacan jeung saenggeus digunakeun tehnik urun rempug?

1.4 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan nya éta hayang ngadéskripsikeun

- 1) Kamampuh siswa SMPN I Karangnunggal kelas VII nulis karangan éksposisi saacan jeung sanggeus ngagunkeun téhnik urun rempug (*Brainstorming*).
- 2) Sabaraha bedana tingkat kamampuh nulis karangan éksposisi siswa SMPN I Karangnunggal kelas VII saacan jeung sanggeus digunakeun téhnik urun rempug (*Brainstorming*).

1.5 Manfaat Panalungtikan

Sacara teoritis ieu panalungtikan téh dipiharep aya mangfaatna, bisa ngajembaran metodologi pangajaran nulis karangan éksposisi maké téhnik urun rempug, sedengkeun sacara praktis, mangrupa bahan input pikeun sakabéh pihak anu aya karep dina ngaronjatkeun hasil diajar siswa, sarta ngabiasakeun latihan sangkan mahér jeung parigel dina ngagunakeun téhnik pangajaran.

1.6 Anggapan Dasar

Nu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Pangajaran nulis éksposisi mangrupa salah sahiji kompetensi dasar anu kudu dipiboga ku siswa kelas V11 dumasar kana KTSP.
- 2) Karangan éksposisi nya éta karangan nu eusina ngajéntrékeun tur medar hiji objék, prosésna, tujuana, pikeun ngajembarkeun pangaweruh hiji jalma. jeung
- 3) Téhnik urun rempug mangrupa salasahiji stratégi diajar aktif anu bisa digunakeun dina pangajaran nulis karangan éksposisi.

1.7 Wangenan Operasional

Sangkan jéntré anu jadi jejer dina ieu panalungtikan, nu nulis ngarasa perlu pikeun nétélakeun heula istilah-istilah anu dipaké dina judul ieu skripsi. Ditataan wincikanana saperti ieu di handap.

1. Pangajaran nulis karangan éksposisi

Pangajaran nulis karangan éksposisi dina ieu panalungtikan dirancang mangrupa hiji prosés nyiptakeun suasana jeung aktivitas diajar nulis karangan éksposisi jadi leuwih kondusif. Pikeun ngukur kabersihan pembelajaran ieu dilakukeun sababaraha tahap panalungtikan, di antarana (1) ngajénan hasil diajar mangrupa kamampuh siswa nulis karangan éksposisi anu diukur ku (a) kualitas jeung lingkup eusi, (b) organisasi jeung tampilan eusi, (c) gaya basa, (d) wangun gramatikal, (e) éjahan, (f) karapihan tulisan. (2) ngayakeun pratés diajar siswa anu bakal diukur ku ngayakeun obsérvasi kelas ngagunakeun aspék gawé siswa, kaaktifan, sarta museur kana pangajaran.

2. Téhnik Urun Rempug atawa “*Brainstorming*”

Téhnik urun rempug (*Brainstorming*) dina ieu panalungtikan nya éta téhnik pangajaran anu digunakeun pikeun mekarkeun kamampuh sarta kaparigelan nulis karangan éksposisi ku cara diajar nulis karangan éksposisi.

1.8 Hipotesis

Dumasar kana wangenan di luhur, anu jadi hipotesis dina ieu panalungtikan nya eta : “aya bedana nu signifikan antara hasil pratés siswa saméméh dibéré pangajaran nulis karangan éksposisi ngagunakeun téhnik urun rempug (*Brainstorming*) jeung hasil pascaténs siswa sabada dibéré pangajaran nulis karangan éksposisi ngagunakeun téhnik urun rempug (*Brainstorming*)”.